


©ABC



©FOX



©ABC

Ekip pou fòmasyon lafwa nan Konferans Menonit Mozayik la te kreye twa gid pou fè etid ki ka sipòte epizòd depatman lapolis fè nan televizyon sou zafè responsabilite ak tèm rasyal. Chak epizòd ki diskite nan televizyon gen referans nan Bib la ki gide konvèssasyon an. Kòm nou se yon ekip nou wè epizòd yo kreye a gen yon seri possibilite pou nou ka diskite fwa nou nan sijè enpòtan sa yo. Pou n ka wè epizòd sa yo, wap bezwen abòne nan Hulu. Si ou pa ka abòne, wap kontakte Ezkip pou fòmasyon lafwa a.

PREPARASYON POU DISKISYON

PATAJE FWA NOU NAN MEDYA A

SERI POU TELEVIZYON

Nou mande w pou pran yon titan pou kreye yon espas fò pou reponn keksyon ak diskisyon lòt moun genyen. Envite etidyan pou yo tèks lè yo gen keksyon lè yap gade epizò d yo/lè yap li komik yo oubyen yo ka ekri keksyon yo sou yon papye san yo pa ekri non yo nan papye a ki ka jwe wòl yon panye. Keksyon etidyan yo dwe gen priorite sou keksyon pa nou yo.



BLACK-ISH

Season 2: Episode 1- "THE Word"

Nwa-ish(Black-ish) se yon istwa ki baze sou yon fanmi, Andre'Dre' Johnson(se Anthony Anderson) ak madanm li Rainbow Johnson(se Tracey Ellis Ross) ki ap lite anpil pou l wè kouman pou l ka konpran idantite kiltirèl li paske li abite nan yon zòn kote se preske moun po blanch ki abite la, vwazen yo se moun nivo sosyal yo wo.

Nan S2: E1,"Mo", Jack, ptit Dre ak Bow ki pipiti a jwenn avètisman pou yo mete l deyò nan lekòl li paske li sèvi ak yon langaj ki pa kòrek lè lap jwe nan pyès nan lekòl la paran yo oblige travay ansanm pou ede timoun lan tounen nan lekòl li. Nan epizòd sa a, Dre panse nan fason pou l itilize lèt n-nan yon mo ak zanmi nwa yo. ki moun ki gen dwa di mo sa a? ki moun ki pa ka repete mo a? Ki kote mo a soti? Chak moun gen opinyon pa l. Sa ki klè nan istwa a nou wè langaj la ak istwa a gen enpôtans.

QUESTION DISKISYON KEKSYON YO

- Li Efezyen 4:25-32. Ki sa Pòl di nan pawòl ki ka imilye moun epi moun simen mansonj? Kouman sa ka konekte ak slogan rasyal oubyen mo ki pa bon pou moun repete?
- Ki sa ou konnen nan mo-n sa a? Nan ki fason ou konn tande moun sèvi ak "mo-n" sa a?
- Eske lekòl ou gen tolerans zewo sou prensip ki etabli nan fason moun ap pale? Eske prensip sa yo bay elèv yo sekirite? Eske prensip sa yo difisil pou ranfòse nan lekòl la?
- Kòm nou wè nan epizòd la, gen differan vwa nan kominate nwa a ki sèvi ak "mo-n" nan fason yo panse. Lè ou gade moun yo kap jwe pyès kilès ladan yo ki fè plis sans pou ou? Poukisa?
- Zoe di zanmi l yo ki se blan sèvi ak "mo-n" sa a toutan epi yo pa ofanse moun lè yo sèvi avèl. Eske ou dakò ak Zoe oubyen ou pa dakò nan fason Zoe santi li nan siyifikasyon mo a? Poukisa?
- Eske ou menm oubyen zanmi w konn sèvi ak "mo-n" sa a lè ou pa kote moun nwa ak lòt moun ki gen po klè? Kouman ou santi w? Kouman ou santi zanmi nwa yo santi yo bò kote w?
- Kouman wap fè pou reponn sou kòmantè Dre fè sou moun blanch ki vle di mo a oubyen pa gen moun ki vle repete l? Eske ou dakò oubyen ou pa dakò? Poukisa?
- Eske gen yon mo ki sanble ak mo a nan etnik ou oubyen nan kilti pa w lòt moun pa ka itilize oubyen yo pa dwe itlize l? Kouman ou santi w lè ou tande yon mo ki ofanse w oubyen yon lòt moun?



LÒT RESOUS

[TA-NEHISI COATES ON WORDS THAT DON'T BELONG TO EVERYONE | WE WERE EIGHT YEARS IN POWER BOOK TOUR](#)

Ta-Nehisi Coates ede elèv ki nan kolèj konprann fason pou yo itilize mo-n nan kominate nwa a

[**UNDERSTANDING SYSTEMIC RACISM**](#) - Konprann racis sistemik- "Racis sistemik afekte lavi tout moun nan peyi Etazini. Koumanse nan valè moun ki nan prizon ale nan moun kap prete lajan pou l pran avantaj sou ou pou kapab rezoud pwoblèm sa yo sa mande anpil chanjman nan anpil pati nan sistèm nou an. Nou bezwen ekzaminen ki sa racis sistematik ye, epi kouman nou kapab rezoud li. Se act.tv. ki pwodwi l.



©FOX

BROOKLYN NINE-NINE

Season 4: Episode 16- “Moo Moo”

Brooklyn Nèf-Nèf swiv eksplwa Detektif Jake Peralta (Andy Samberg), se yon detektif nan NYPD ki gen talan men ki pa gen matirite kòm detektif nan Brooklyn epi li reprezante imaj polisye 99 la, ki toujou ap kreye konfli ak kòmandan ki responsab la, Kapiten Raymond Holt (Andre Braugher) ki se yon Ofisyè serye epi sevè nan sa lap fè. Sant Epizòd la li konsantre sou lavi Peralta ak antouraj li yo, kòleg ki renmen l kap sèvi ansanm avèl pou pwoteje NYC.

Nan S4:E16, “Moo Moo”, Sèjan Jeffords (Terry Crews) te ap mache nan vwazinaj la nan aswè li jwen jwèt pitit fi li ki te pèdi nan lari a. Gen yon Ofisyè ki te fè l kanpe li te preske arete l nan lari a. Jeffords te deside pou l te fè yon deklarasyon kont polis la, men Kapiten Holt pat toutafè dakò. Jake ak Amy deside pou yo pale ak pitit yo Terry sou zafè racis lè l tap gade ti moun yo pou li. Tout rès epizòd la te rete sou baz konpòtman rasyal pou Polis yo ka pran responsabilite yo.

QUESTIONNAIRE

- Li Matye 7:1-5 ak Wòm 2:1-11. Ki sa bib la di sou fason nap jije lòt moun? Ki jan Bondye wè nou epi kouman li menm li jije nou?
- Ki tip konvèrsasyon fanmi w fè sou zafè ras ak racis? Sou zafè polis ak otorite ki ap fè respekte lalwa?
- Kouman ou panse sa te ye pou Sèjan Terry lè l te tande yo di l plas li pa nan vwazinaj sa a?
- Nan Epizòd sa a, Jake antre nan kay zanmi li pou l fè yon blag epi ofisyè a kite l ale li pa di li anyen. Eske ou panse gen kèk bagay ou fè pa gen moun ki di w anyen epi menm bagay sa a ou fè a si yon lòt zanmi nwa ou genyen pa ka fè menm bagay la? Eske ou panse se yon bagay ki bon oubyen li pa bon?
- Pou goumen kont sistèm injistis sa mande pou fè planifikasyon avèk estrateji. Ki panse ou pataje sou estrateji Kapiten Holt la? Ki sa ou panse lè wap travay nan yon sistèm ki pran tan pou l chanje?
- Ki reaksyon ou te fè lè epizòd la tap fini epi Sèjan Terry te kalifye pou l jwenn pwomosyon?
- Mouvman Lavi moun nwa enpòtan toujou rankontre ak “Lavi tout moun enpòtan” oubyen “Lavi moun Ble enpòtan.” Ki avantaj ak enkonvenyan ki genyen nan Lavi moun Ble enpòtan? Ki sa ou panse sou tout istwa ki ap pale sou britalite polis yo ak responsabilite yo?
- Ki fason Legliz kote ou ale kapab yon temwen pou lapè nan kominote nwa yo epi pou yo ede fè moun respekte lalwa?

LÒT RESOUS

[HOW CAN WE IMPROVE POLICE ACCOUNTABILITY IN THE US?](#) Ki fason nou ka amelyore responsabilite polis yo nan Etazini?- Gen yon eksplikasyon tou kout sou responsabilite polis nan Brookings Institution ki moutre kouman nou ka travay pou nou bay jistis



©ABC

FRESH OFF THE BOAT

Season 1 - Episode 1 "Pilot"

Baze sou liv Chèf Eddie Huang ekri epi ki vann anpil ki parèt sou tit, "Fresh Off the Boat" sa fè moun ri lè yap gade moun imigran yo nan amerika. Nan ane 1990, Eddie, ki renmen ahip-hop te gen 11 ane, li menm ak paran ak 2 frè l yo te deplase al abite nan banlye Orlando anvan sa yo abite nan zòn Chinatown nan Washington, D.C. Kòm papa Eddie ki rele Louis tap chache akonpli rèv ameriken li li te deside pou l ouvri yon restoran ki gen stil lwès ladan l, Eddie ak tout fanmi an deside pou yo mete yon klima nan zòn nan paske zòn nan etranj anpil.

Nan S1:E1, Eddie, pi gran pitit gason Louis a ak Jessica, te koumanse batay ak elèv lekòl yo lè elèv yo te rele yo "chink,"(twou). Seri a pou kont li moutre pwoblèm moun ki soti nan peyi Azi yo rankontre ak anpil difikilte, jis kounye a. Pandan yap pran benefis yo wè nan kilti blan yo ekspoze anpil nan pyès lač akseptans sosyal, siksè nan bisnis, yo resevwa mwens jjiman nan vwazen ki blan yo) Fanmi Huang toujou ap batay ak pwòp tèt yo pou yo kenbe idantite yo nan mond ki ap glwobalize jodi a.

QUESTION DISKISYON KEKSYON YO

- Li revelasyon 7:9-10. wayòm Bondye a li gen moun nan kilti ak tout lang ladan l. Kouman nap fè pou n selebre divèsite sa a isit epi kounye a?
- Ki atitud pyès la moutre nou pou nou genyen pou moun blan bò kote nou? epi poukisa sa entèresan pou nou/oubyen diferan pou kilti popilè ameriken an?
- Kouman ou ka reaji sou kòmantè karaktè yo fè "m te panse non ou te plis ekzotik" "Fason ou pale anglè a bon anpil" "kouman non ou rele ankò? Li sanble yon non Chinwa?" oubyen ou pale yon fason ki lan fanmi Eddie ka konprann. Ou pa janm tandem moun di sa konsa? Eske ou pa konn tandem moun di sa sou moun nan lòt kilti yo?
- Soti nan Chinatown nan DC jiska Orlando se yon gwo chanjman nan fanmi Huang. Yo tout te nan konfisyon lè yo wè jan kilti blan ye. Konfisyon sa a, eske w panse li posib pou differan ras konpran youn lòt? Ki risk ki genyen lè nou chache konnen youn lòt?
- Nan mo pa w, defini tèm "kilti dominan" bay yon egzanp sou aspè dominan nan kilti sosyete ameriken an. Ki jan karakteristik dominan sosyete nan kilti a mache?
- Eddie jwenn anpil moun kap pase l nan jwèt pou tèt manje chinwa,kounye a li mande manman l pou l prepare "manje moun blan yo pou li." Eske ou konnen kèk zanmi ki ap chanje yon pati nan kilti ak idantite li pou yo ka aksepte l nan kilti a?
- Sa ou panse sou ka Jessica ki gen pitit li ki pa aksepte manje manman l ba li pou l al manje nan lekòl la?
- Moun ki di Eddie plis bagay rasyal ki ofansif nan pyès la se Walter, sanble sèlman gen lòt ras minorite nan lekòl la. Eske Walter ak Eddie vle rete ansanm kòm 2 moun deyò pou yo bezwen ap batay youn ak lòt?
- Relasyon entèkiltirèl pran anpil tan ak anpil konfiyans. ki kalite relasyon entèkiltirèl wap batí? Ki sa ou aprann nan lòt kilti yo ki enpòtan nan Konferans lan?



LÒT RESOUS

ASIAN AMERICANS AND RACIAL JUSTICE: RACIAL EXCLUSION AND THE (IM)POSSIBILITIES OF DEVELOPING OUR IDENTITY, CONSCIOUSNESS, AND AGENCY Exploring Asian identity here in the US.